# Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Q.Sariev paytaxtımızda jaylasqan 24-sanlı mektep oqıwshıları menen ushırastı

Búgin 2022-2023- oqıw jılınıń birinshi kúni baslandı. Usı múnásibet penen Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Q.Sariev paytaxtımızda jaylasqan 24-sanlı mektep oqıwshıları menen ushırastı.

Image not found or type unknown

Ilajǵa qatnasqan miymanlarımız sózge shıǵıp, mektep bosaǵasına birinshi qádemin qoyıp atırǵan oqıwshılardı hám onıń ata-anaların shın júrekten qutlıladı. Miymanlarımız tárepinen, Prezident sawǵası bolǵan mektep quralları oqıwshılarǵa tarqatılıp, jańa oqıw jılınıń birinshi qońırawı qaǵıldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikası «Xalıq bilimlendiriw aǵlası» kókirek belgisi menen mektepte piydayı miynetleri arqasında ayrıqsha kózge túsken oqıtıwshılar sıylıqlandı hám mektep jámáátine qımbat bahalı sawǵalar saltanatlı túrde tapsırıldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Bunnan soń, mektep oqıwshılarınıń koncert baǵdarlaması inám etildi.